

FÈ W FÈ TÈS LA: GID ETAP PA ETAP POU FÈ TÈS POU MOUN KI SAN SENTÒM



Fè w fè yon tès COVID-19 epi w pa sèten kisa rezilta a ka ye? Li nòmal pou w santi w enkyete oswa ou pa fin sèten sou kesyon fè tès. Gid rapid nou an pran mistè a soti nan pwosesis la. Tès yo ta dwe fasil epi san doule. Men sa ou bezwen konnen.

Etap sa yo vize moun ki pa gen okenn sentòm epi yo te detèmine li lè pou yo fè tès. Menm si w pran vaksen an, rezon ki fè yo fè tès yo gen ladan l vwayaj, ou te nan yon gwo rasanbleman, oswa travay kole kole ak lòt moun. Si w gen sentòm oswa ou te vin an kontak sere avèk yon moun ki fèk dyagnostike ak COVID-19, tanpri rele doktè w pou enstriksyon espesifik.

- 1 Jwenn yon sit tès nan zòn ou an.** Tès COVID-19 yo disponib gratis nan tout peyi nan sit tès kominotè, lopital ak sant sante, epi yo disponib pou vann nan kèk magazen ak famasi. Anpil kominote ofri tou tès klinik enstantane nan jou espesifik. Gen kèk patwon ak kanpis kolèj ki te kòmanse tès depistaj sou plas pou anplwaye ak elèv yo.

Pou chèche konnen ki opsyon tès ki disponib nan zòn ou an:

- Rele doktè w oswa biwo swen prensipal epi mande enfòmasyon sou opsyon tès yo
- Chèche sou entènèt lè w sèvi avèk mo "tès COVID-19 gratis tou pre m"

- Vizite sit entènèt vil ou a, eta a oswa depatman sante rejyonal la epi chèche enfòmasyon sou tès COVID-19. Anpil eta kounye a gen fòm tès depistaj sou entènèt ki ka fè ou apwouve davans pou tès moun ki san sentòm.
- Vizite HHS.gov epi klike sou "Sit tès despistaj kominotè"
- Rele yon famasi lokal oswa yon sant sante nan zòn ou an epi mande èd pou w jwenn yon sit tès gratis

Asire w sit tès la ofri tès dyagnostik, sa ki di si w gen yon enfeksyon aktif ak COVID-19. Gen de kategori tès dyagnostik: tès molekilè (oswa PCR) ak tès antijèn. Tou de yo san danje epi fasil pou administre.

Remak: Si yon sit di w yo sèlman teste moun ki gen sentòm yo, eseye yon lòt.

- 2 Pran yon randevou.** Anpil kote tès mande pou pran yon randevou alavans, swa sou entènèt oswa pa telefòn. Delè pou w jwenn yon randevou depann de demann rejyonal la pou tès COVID-19, donk rezève davans. Prepare w pou soumèt enfòmasyon debaz sou kontak ou epi reponn kesyon senp sou sante ou.

Nan pifò pati nan peyi Etazini an, ou pa bezwen peye pou yon tès pou moun ki san sentòm COVID-19, menm si w pa gen asirans. Li pi bon konfime sa a lè w ap pran yon randevou.

3 Planifye davans. Aprè resève randevou w la, gade adrès la pou w asire ou konnen kijan pou w ale nan sit tès la. Si w ap pran transpò piblik, tcheke orè otobis ak tren epi detèmine konbyen tan w ap bezwen pou w vwayaje. Gen kèk sit tès yo ka deyò, kidonk tcheke klima a epi abiye fason apwopriye.

Si w rezerve yon randevou sou entènèt, tcheke imèl konfimasyon epi revize li pou w nenpòt ki enstriksyon espesyal.

4 Rive nan kote tès la fèt la: Tou depan de kote w ap viv, sit tès yo jeneralman tonbe nan kategori sa yo:

- **Sit ou oblije kondwi pou w ale** pèmèt ou rete nan machin ou pou dire pwosesis tès la.
- **Sit ou ka mache pou w ale** yo deyò, an jeneral nan yon pati konvènan nan vil la. Moun yo mache nan diferan estasyon tès la.
- **Tès sou plas** enplike fè tès andedan yon klinik sante, famasi, oswa yon lòt etablisman.

Aprè w fin rive, gade moun oswa siy k ap dirije w pwochen kote pou w ale. Pou w pwoteje tèt ou, lòt kliyan ak travayè sante, ou ta dwe kenbe mask ou toutan jiskaske yo mande fè otreman.

5 Bay prelevman: Tès dyagnostik yo travay lè yo analize echantiyon yo pran nan nen w, bouch ou oswa gòj ou.

Pandan tès la, yon pwofesyonèl sante pral pran prelevman andedan nen w, gòj ou. Sa a se yon pwosesis rapid e san doulè. Nan kèk ka, se yon prelevmanbyen dèyè nen an yo pran, men fason sa a yo fè tès la ap vin mwens komen pou tès moun ki san sentòm yo. Pafwa, moun y ap mande yo kolekte echantiyon pa yo pandan yon pwofesyonèl

sante ap obsève. Sa a ede diminye kontak sere ant moun.

Gen kèk nan tès pi resan yo ki bezwen yon echantiyon krache, sa ki mande pou krache nan yon veso oswa pran yon prelevman nan bouch, epi yo ka administre l nan lakay.

6 Jwenn rezilta w yo: gen kèk ki tès pwodwi rezilta nan yon ti tan tankou kèk minit jiska kèk èdtan. Gen lòt tès ki pran jiska kèk jou tretman. Si yo pa enfòmè w imedyatman, anplwaye yo pral voye imèl, rele w oswa mande w tcheke yon paj sou entènèt pou w ka resevwa rezilta w. Laboratwa bay priyorite ak rezilta pozitif epi yo pral eseye rive jwenn moun sa yo pi vit posib, kidonk asire w ou reponn nenpòt apèl telefòn nimewo enkon.

Li enpòtan pou nou tout kontinye pratike mezi prevansyon chak jou, tankou byen lave men, kenbe distans fizik, ak mete mask.

7 E si w teste pozitif? Si w teste pozitif, kèlkeswa estati vaksinasyon an, sonje izole w lakay ou pou omwen 10 jou. Sonje sa, ant 20 ak 40 pousan moun ki teste pozitif pou COVID-19 pa janm devlope sentòm, e nan moun ki devlope sentòm yo, pifò pa malad grav epi yo ka refè lakay yo san swen medikal. Si w teste pozitif, li ou rete an karantèn. Tanpri, ede depatman sante w konnen tou ki moun ki ta ka enfekte lè w reponn kesyon sou moun ou gen kontak pwòch sa pa gen lontan.